

## **Konsè pou Vil la**

Samdi 21 Septanm 2024, nan Symphony Hall

Konsè pou Vil la finanse pa Fondasyon Fanmi Li-Qiu.

## Vitrin Kominotè

### **12:00pm, Sèn eksteryè**

#### **Arthur Fiedler Boston Pops Promenade & Seiji Ozawa Multicultural Community Showcase**

Taneshia Nash Laird, emcee

Juan Nieves Trio

OriginNation Dance Troupe

Arnie Williams Steel Drum Band

Veronica Robles Community Dancers

**Non Arthur Fielder's** la praktikman sinonim avèk Boston Pops. Fiedler (1894-1979) te vin tounen chèf òkès Pop an 1930 epi pandan prèske yon demi syèk li transfòme òkès la an "Òkès Amerik" atravè kèk pèfòmans televize ak anrejistreman yo. Li lanse yon toune konsè gratis tou sou Charles River Esplanade. Fiedler elaji Pop la yon fason estrawodinè, mete ladan l Duke Ellington, Scott Joplin, the Beatles, ak the Bee Gees nan repètwa tradisyonèl Pop Sousa ak Strauss, epi fè apèl avèk envite ki renome pami yo The Carpenters, Julia Child, Ella Fitzgerald, ak Dizzy Gillespie.

**Seiji Ozawa** (1935-2024) se te chèf òkès ki te pi ansyen nan istwa Boston Symphony Orchestra's . Antanke direktè mizikal BSO nome an 1973, se te premye Azyatik ki dirije yon gwo òkès ameriken nan yon epòk kote mizisyen Azyatik yo te apèn kòmanse ap rejwenn gwoup ameriken yo. Pandan ke yo te apresye Ozawa nan peyi Japon ak Etazini, li te kreye relasyon dirab ant BSO ak Japon atravè toune ak anrejistreman yo.

### **1:15pm, Sal Cabot-Cahners**

#### **John Oliver Choral Community Showcase**

Pelin Su Yavuz ak Brian Washington, jazz duo

Sant Mizikal Kominotè Boston

Manm Boston Pops Gospel Choir

Direktè koral **John Oliver** (1939-2018) te kòmanse travay avèk òkès Senfoni Boston an 1964 epi an 1970, ak laj 30 an, li te fonde Tanglewood Festival Chorus, ki te vin tounen moun prensipal ki fè refren nan BSO. Li te prepare TFC, ki te konpoze ak volontè sèlman, nan plis pase 200 mòso avèk òkès, patisipe nan pwòp konsè gwoup la, epi nan plizyè dizèn anrejistreman avèk BSO ak Boston Pops, toutpandan li t ap dirije kèk gwoup koral ak lòt gwoup nan tout peyi a.

### **1:30pm, Sal O'Block/Kay**

#### **Ann Hobson & Prentice Pilot Youth Community Showcase**

The Spirituals of Boston Arts Academy

Project STEP

Four Strings Academy

Dilzafer Singh, tabla

**Ann Hobson Pilot ak Prentice Pilot** la depi plizyè deseni ap defann ak tout fòs yo edikasyon pou jèn mizisyen a gen koulè yo. Prentice, yon doub basis djaz la ak òkès la, se te premye direktè atistik pwojè STEP (String Training Education Program). Ann te antre nan Òkès Senfoni Boston an an 1969 kòm dezyèm manm afwo ameriken epi li te nome harpe solo an 1980, avan li te pran retrèt li an 2009.

Konsè 3:00pm

Remak **Chad Smith**, Eunice ak Julian Cohen Prezidan epi Direktè Jeneral

Remak **The Hon. Michelle Wu**, Majistra Boston

Envokasyon pa **Parker-Vincent Alva**, Powèt Loreya Jenès Boston

Mèt seremoni: **Thomas Wilkins**, Patnè Atistik, Ediksyon ak Angajman kominotè, ak Germeshausen Konsè pou Jenès la ak Fanmi Chèf Òkès la

### **Boston Children's Chorus**

**Kenneth Griffith, music director**

Tracy CHAPMAN	Talkin' 'bout a Revolution (arr. Nancy O'CONNOR)	(3')
Kirby SHAW	We Will Stand	(3')
Brandon A. BOYD	Sign Me Up	(4')

### **Musicians of the Boston Festival Orchestra**

**Farayi Malek, vocals | Alyssa Wang, violin |**

**Aron Zelkowitz, cello | Ruoting Li, piano**

Porter GRAINGER	You Ought to Be Ashamed	(2')
Billie HOLIDAY	Strange Fruit (arr. Boston Festival Orchestra)	(3')
Justin NIELSEN	Caged Bird (arr. Boston Festival Orchestra)	(4')

### **Prezantasyon Veronica Robles avèk Gwoup Mariachi li**

ENTÈMEDYÈ

### **Boston Symphony Orchestra | Andris Nelsons conducting**

Carlos SIMON	<i>Festive Fanfare and Overture</i>	(5')
--------------	-------------------------------------	------

(kòmand kolektif pa Òkès Senfoni Boston ak Carnegie Hall pou selebre 10yèm anivèsè sezon Andris Nelsons kòm direktè Mizikal BSO. Kòmand Boston Symphony Orchestra a reyalize grasa soutyen jenere Arthur P. Contas Commissioning Fund, ak New Works Fund etabli pa Konsèy Kiltirèl Massachusetts, yon Ajans Leta .)

Pyotr Ilyich TCHAIKOVSKY	Symphony No. 6, second movement: Allegro con grazia	(8')
--------------------------	---	------

### **Boston Symphony Orchestra | Thomas Wilkins conducting**

Adolphus HAILSTORK	Fanfare on "Amazing Grace"	(4')
--------------------	----------------------------	------

Missy MAZZOLI	<i>Sinfonia (for Orbiting Spheres)</i>	(9')
---------------	--	------

### **Boston Pops Orchestra | Keith Lockhart conducting**

George GERSHWIN	<i>Rhapsody in Blue</i>	(18')
-----------------	-------------------------	-------

**Michelle Wu, piano**

Samuel WARD &	America the Beautiful (arr. Rob MATHES)	(5')
---------------	---	------

Katharine Lee BATES

**Tanglewood Festival Chorus, James Burton, chèf prensipal  
Renese King, chantè**

**Komite Akèy pou Konsè Vil la nan Sal Senfoni**

Alex Aranzabal  
Andrés Holder  
Anthony “Tony” Beatrice  
Ashleigh Gordon  
Ben Hires  
Bithia Carter  
Charlayne Murrell-Smith  
Charlotte Golar Richie  
David Howse, Honorary  
Denella J. Clark  
Emilia Lacy  
Gladys Vega  
Harleen Singh  
Hubie Jones  
J. Andres Ballesteros  
John Borders IV  
José C. Masso III  
Josue Gonzalez  
Kevin Andrews  
Krystal Prime Banfield  
Lecolion Washington  
Leverett Wing  
Mariana Green Hill  
Pamela and Robert Adams  
Rebecca Zama  
Regine Jean-Charles  
Sonya Hope White

**Andris Nelsons**, Ray ak Maria Stata Direktè Mizikal, nome a vi, epi responsab direktè òkès nan Tanglewood

**Keith Lockhart**, Julian ak Eunice Cohen Boston Pops Chèf Òkès, nome a vi

**Thomas Wilkins**, Patnè Atistik, Edikasyon ak Angajman Kominotè, ak Germeshausen Chèf Òkès Konsè yo pou Jenès la ak Fanmi an, nome a vi

**James Burton**, Direktè Koral BSO epi Chèf Òkès Tanglewood Koral Festival, Alan J. and Suzanne W. Dworsky prezidan, nome a vi

**Carlos Simon**, Deborah ak Philip Edmundson Prezidan Komite Konpozisyon an

**Chad Smith**, Eunice ak Julian Cohen Prezidan epi Direktè Jeneral, nome a vi

**Barbara W. Hostetter**, Prezidan Konsèy Administrasyon an

**ATIS**

**Andris Nelsons**

Andris Nelsons nan onzyèm sezon li kòm Direktè Mizikal nan Òkès Senfoni Boston, Ray ak Maria Stata. Li dirije konsè BSO nan Sal Senfoni, nan Tanglewood, epi pandan toune entènasyonal yo epi nan pwojè anrejistreman ki te rekonpanse yo. Nelsons se te chèf òkès Gewandhaus Leipzig ann Almay.

### **Keith Lockhart**

Keith Lockhart te dirije Boston Pops nan plis pase 2 000 pèfòmans, 45 toune nasyonal, 5 entènasyonal, avèk fedatifis anyèl Boston Pops 4 Jiyè a sou Esplanade. Li menm ak pops yo te patisipe nan kèk evènman espòtif gwou ran tankou Super Bowl XXXVI, final NBA an 2008, ak World Series an 2018.

### **Thomas Wilkins**

Thomas Wilkins se Patnè Atistik BSO pou Edikasyon ak Angajman Kominotè, epi li okipe pòs Chèf Òkès Jenès Fanmi ak Konsè Òkès Germeshausen. Li se chèf prensipal òkès Hollywood Bowl Orchestra epi chèf prensipal envite Virginia Symphony.

### **Tanglewood Festival Chorus**

Tanglewood Festival Chorus (TFC) konpoze antyèman ak volontè, te kreye nan ane 1970 pa fondatè li, defen John Oliver. Nan ane 2017, James Burton te nome chèf Tanglewood Festival Chorus epi Direktè Koral BSO. Kreye pou pèfòmans nan Tanglewood yo, TFC jwe yon gwou wòl byen rapid nan sezon abònman BSO ak nan konsè Carnegie Hall yo. Gwoup la pèfòme tout ane a avèk BSO avèk Boston Pops e yo konsidere li kòm youn nan pi bon koral senfoni nan mond lan.

### **The Hon. Michelle Wu, Majistra Boston**

Michelle Wu se premye fi epi li se moun a koulè ki eli majistra Boston. Pitit Fi imigran, yon manman nan Lekòl Piblik Boston, epi yon pasaje MBTA, Mayor Wu travay pou fè Boston tounen yon kote pou tout moun: Kote chak abitan gen aksè avèk yon lojman abòdab, yon edikasyon klas mondyal, epi eksperyans atistik ak kiltirèl ki montre kominote nou an lemond.

### **Renese King**

Renese King avèk yon vwa touchan e santimantal li a pèmèt li fè plizyè prestasyon an solo avèk Boston Pops, Tanglewood Festival Chorus, Boston Pops Gospel Choir, Greg Hopkins Concert Jazz Orchestra, Reverence Gospel Ensemble, avèk lòt gwoup. King chante sou mizik orijinal twa fim Emmy-, Peabody-, ak Sundance-winning films. Li se pyanis nan Legliz Waymark SDA nan Dorchester epi li se direktis mizikal nan gwoup New England Gospel.

### **Parker-Vincent Alva, Boston Youth Poet Laureate**

Parker-Vincent Alva se yon etidyan e ekri nan Boston. Li ekri pwezi ak pwoz sou entèseksyon dezi ak idantite. Adolesan bousye YAWP an 2023 e twazyèm Jèn Powèt Loreyat nan Boston, li gen kòm objektif pou fè piblik la apresye literati epi depase limit sa k posib la.

### **Boston Children's Chorus**

Boston Children's Chorus (BCC) te fonde an 2003 pa Hubie Jones, yon lidè sivik k ap travay depi sis deseni pou rezoud pwoblèm sosyal timoun yo ap konfwonte ak kominote Boston defavorize a. BCC eksplwate pouvwa mizik genyen pou li konekte divès kominote nan Boston, kiltive senpati epi pouse ala rechèch sosyal. Pwogram BCC yo gen ladan 11 koral avèk chantè yo sòti nan 110 kòd postal diferan nan Boston ak zòn ozalantou yo. Yo pèfòme nan diferan zòn tankou Symphony Hall nan Boston ak Royal Albert Hall nan London nan Sydney Opera House ak Lamezon Blanch. Kenneth Griffith te nome direktè mizikal koral timoun Boston yo an 2023.

### **Mizisyen Boston Festival Orchestra**

Fonde nan ane 2019, Boston Festival Orchestra (BFO) se yon òganizasyon ki pa gen objektif pou fè lajan, ki itilize langaj inivèsèl mizik la kòm mwayen koneksyon, senpati, ak pwogrè. Pandan y ap mete aksan sou fasilite ak enpak mizik la, konsè BFO yo ale pi lwen pase sa yo te atann, pandan y ap imajine fason mizik klasik la kapab anrichi lavi tout moun nan kominote yo a. Anplis de biyè gratis yo bay pou tout sezon yo a, BFO ankouraje eksperyans mizik edikatif pou tout moun, anbrase pouvwa reprezantasyon, epi selebre divèsite nan tout aspè òganizasyon an. Sezon sa a, BFO ap selebre 5yèm anivèsè li.

### **Veronica Robles avèk Gwoup Mariachi li**

Yo rekonèt li prensipalman kòm chantez mariachi, mizisyèn, dansez epi koregraf fòklorik Latino Amerikèn, Veronica Robles reyisi transfòme metye li pou li vin tounen yon ikòn kiltirèl pou latino Boston yo. Fason li itilize pouvwa remakab A ak kilti a kontribiye nan ini kominote a epi fè li pran konsyans sou enpòtans divèsite genyen. Robles te kòmanse karyè li lè li te gen 14 zan. Li te aprann tradisyon moun respekte sa a nan men mariachi pi ansyen yo nan vil Mexico, li pran angajman pou li transmèt li.